

PWOMÈS AN AKSYON

BILTEN OFISYÈL EVANSVILLE PROMISE NEIGHBORHOOD



PAKE EKSPLORATÈ TI BEBE

Pake Ti Bebe EVPL yo gratis pou tibebe jiska 12 mwa epi yo disponib nan tout bibliyotèk lokal yo—menm anvan yo fèt.

Chak pake gen ladan l yon liv an imaj, yon bib ti bebe, yon kat bibliyotèk pou yon sèl itilizasyon, epi enskripsyon nan 1,000 Liv Anvan Jadendanfan ak Storytime To Go. Pa gen okenn kondisyon rezidans—sèlman bay yon non, laj, ak adrès. Pake sa yo ede fanmi yo devlope abitud alfabetizasyon bonè, ki esansyèl pou siksè lekòl epi yo fè timoun yo dekouvri plezi ki gen nan lekti.

Pase pran pa w la nan nenpòt lokal EVPL jodi a! Aprann plis sou evpl.org.



300 LIV ANVAN 3YÈM ANE

Si nou li 300 liv anvan twazyèm ane ak yon timoun, sa ap ede l devlope ladrès alfabetizasyon esansyèl, pandan yo pase de "apran li" a "li pou aprann." EVPL la la pou sipòte fanmi yo nan wwayaj sa a.

300 Liv anvan 3yèm Ane se yon pwogram gratis ki ankouraje timoun yo li ak fanmi yo, pou yo devlope lanmou pou liv depi nan premye ane lekòl yo. Patisipan yo swiv pwogrè yo, selebre etap yo, epi resevwa rekonpans toutpandan y ap fè sa. Fanmi yo ka enskri nan nenpòt lokal EVPL epi kòmanse nenpòt ki lè—pa gen kondisyon rezidans.

Vizite branch ki pi pre ou a pou w enskri oswa aprann plis sou evpl.org.

EPN REYINI PLIS KE 130 MOUN POU PREMYE FÒMASYON ANPLWAYE ESANSYÈL YO



Nan dat 12 mas 2025, ekip Evansville Promise Neighborhood (EPN) la te reyini plis pase 120 manm pèsònèl ki soti nan òganizasyon patnè kominotè nou yo pou yon premye evènman fòmasyon ak rezo.

Reyinyon enpòtan sa a te kreye yon pi bon konpreyansyon sou misyon ak objektif EPN, ak rezilta remakab—done sondaj anvan ak apre te montre 40% ogmantasyon nan konesans patisipan yo, epi 99% te kite sesyon an avèk plis konfyans nan EPN.

Patisipan yo te pataje ke yo santi yo pi prepare pou konekte fanmi yo ak resous esansyèl, epi anpil te kite evènman an enspire e motive pou sipòte timoun ak fanmi yo. Ekip EPN lan deja ap ranmase fidbak epi ap planifye pou evènman ane pwochèn nan, pou asire kwasans ak kolaborasyon kontinye nan rezo nou an.

POTE MAJI DISNEY BAY ELÈV YO

Cops Connecting with Kids kontinye reyalize rèv pou elèv lokal yo atravè Tri-State la, sa gen ladan l kat Lekòl EPN yo. Pandan mwa janvyè a, 32 elèv ki soti Evans, Glenwood, Lincoln, ak Lodge te viv eksperyans majik Walt Disney World—yo te chwazi yo pou fason yo dirije, karaktè, ak devouman yo.

Avanti sa a pa ta posib san ajan lapolis yo ak ofisyèl lekòl yo ki sèvi kòm akonpayatè. Yo kite fanmi yo ak responsablite yo pou asire elèv sa yo gen yon vwayaj inoubliyab.

Gade plis sou vwayaj la sou Facebook: **Cops Connecting with Kids Disney Adventure.**





PREPARE JÈN YO POU YON BÈL AVNI AK SOUTHWEST INDIANA WORKFORCE

Gras ak sibvansyon Evansville Promise Neighborhood (EPN), Navigatè Vwazinaj Southwest Indiana Workforce Board la ap ede jèn yo eksplòre karyè ak devlope konpetans pou travay.

Depi mwa out 2024, 15 jèn patisipe nan aktivite aprè lekòl ki konsantre sou travay ann ekip, komunikasyon, rezoud pwoblèm, ak eksplorasyon karyè. Pwogram lan te depase objektif li yo ak plis pase 10 patisipan chak ane. An patenarya ak The Dream Center, inisyatif sa a ap kontinye bay jèn yo eksperyans aprantisaj pratik pandan rèss ane lekòl la ak pandan ete a.

YON KAY JIS A TAN: ISTWA YON FANMI PWOMÈT

Youn nan fanmi Pwomèt Potter's Wheel yo—yon papa, yon manman, ak de pitit yo (12 ak 6 an)—fèk jwenn lojman gras ak Evansville Housing Authority (EHA), jis a tan!

Fanmi an te pase pifò ane 2024 la ap "koud wout", ap rete lakay fanmi men yo te swete gen pwòp kay pa yo. Apre plizyè mwa ap chèche lojman Seksyon 8 san siksè, yo te patisipe nan yon Sware Resous Lojman ke Potter's Wheel te òganize—jis twa jou anvan kupon lojman yo a ekspire.

Lè yo pataje istwa yo, patnè lojman EPN yo te reponn vit pou ede yo jwenn yon kay. Gras ak EHA, fanmi an pral nan nouvo kay yo a talè konsa! Ti fi yo ki nan jadendanfan te di espesyalis swen li a li kontan anpil paske li pral gen pwòp chanm li.



LABORATWA GOU

Laboratwa Gou se yon klèb aprè lekòl de fwa pa semèn nan Bosse High School, Chef Tori ki soti nan Vegan Eats and Treats ap dirije atelye sa kote yo aprann fè manje. Avèk enstriksyon pratik, Chef Tori prezante elèv yo ak yon varyete manje, pandan l ap enkòpore opsyon vejetaryen pou yo eksplòre. Sa posib gras ak patenarya ant Evansville Promise Neighborhoods, ECHO Housing and Community Development, Bosse High School, Bedford Collab, ak Chef Tori, Laboratwa Gou bay elèv yo eksperyans dirèk nan atizay gastronomik, ankouraje kreyativite, devlopman konpetans, ak yon pi bon apresyasyon pou manje.


POU APRANN PLIS

Pou nenpòt pwogram ki parèt nan bilten sa a, eskane kòd QR ki anba pwogram ki enterese w la.

Swiv nou sou rezo sosyal yo pou plis mizajou, eskane kòd QR ki sou bò dwat la!




PAKE EKSPLORATÈ
TI BEBE



COPS CONNECTING WITH
KIDS DISNEY ADVENTURE



300 LIV ANVAN
3YÈM ANE



MÈSI

Pou tout patnè kominotè nou yo ak tout moun ki sipòte nou.

